



Pou Piblikasyon Imedya: 03/04/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON NOUVO LWA KI AN VIGÈ KOUNYE A, KI EGZIJE POU YO ANREJISTRE TOUT ENTEWOGASYON SOU VIDEYO

Nouvo Lwa sa a pral Ede Bay Prèv Enpòtan e Anpeche Fo Konfesyon

Règleman Modèl yo Adopte an pral Ede Gide Ajans Respè de Lòd yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse antre an vigè kounye a yon lwa ki egzije pou ajans fòs de lòd yo anrejistre sou videyo entèvyou yo fè moun yo arete yo pase, lè yo akize yo de krim grav, tankou omisid ak krim seksyèl vyolan. Lwa sa a, ki te pase nan kad refòm jistis kriminèl Gouvènè an nan lane 2017, ap ede asire fyabilite prèv yo vin prezante pandan jijman epi anpeche fo konfesyon.

“Anrejistreman entèwogasyon yo ka enpòtan pou ede kondane moun ki koupab, lage moun yo pa t gen rezon akize, epi menti konfyans nou anvè sistèm jistis kriminèl nou an”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen fyè dèske refòm sa, ke nou te goumen pou li an, an vigè kounye an, sa ki fè nou vin pi pre yon New York ki pi jis pou tout moun.”

Adate 1ye Avril, investigatè fòs de lòd yo oblije anrejistre entèwogasyon moun yo akize de krim ki pi grav e ki pa an rapò ak dwòg. Règleman sa a, se sèlman pou entèwogasyon nan gadavi yo nan estasyon lapolis yo, etablisman koreksyonèl yo, biwo pwosekitè yo, ak zòn detansyon similè yo. Si yo pa anrejistre entèwogasyon yo nan ka ki aplikab yo, sa kapab abouti a yon tribinal ki deside yon konfesyon inadmisib kòm evidans, selon sa nouvo lwa a di. Chanjman nan Lwa Pwosedi Kriminèl la (Criminal Procedure Law), se Lejislati Eta a ki te adopte li, ansanm ak lòt refòm enpòtan Gouvènè an te pwopoze nan kad bidjè eta ane fiskal 2017-18 la.

Ann atandan nouvo lwa a rantre an vigè, Konsèy Fòmasyon Lapolis Minisipal Eta New York (New York State Municipal Police Training Council) te chanje yon règleman modèl an 2013 ki te mete aksan sou jan ajans fòs de lòd yo ta dwe byen anrejistre entèwogasyon nan gadavi yo. Konsèy lan, ak manm li yo ke Gouvènè Cuomo an te nonmen, ap konsevwa epi apwouve règleman modèl yo pou kapab ede gide ajans fòs de lòd yo. Biwo Sekirite Piblik (Office of Public Safety) nan Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) ap fè pati pèsonèl Konsèy lan epi asiste nan devlope règleman modèl yo.

Règleman modèl la gen ladan etap ajans fòs de lòd yo dwe suiv anvan e pandan yon entewogasyon, sa ki gen ladan anrejistremant avètisman Miranda; jwenn yon anviwònman ki apwopriye selon laj moun nan si antrevi a se avèk yon jèn moun; pozisyon kamera a; so ki montre dat ak lè anrejistremant an; idantifikasyon tout pati ki prezan pou anrejistremant an; e dokimantasyon tout pwoblèm ki te vin genyen avèk ekipman an. Règleman modèl la tou diskite kijan pou byen pran ka anrejistremant an apre entewogasyon.

Règleman modèl la fèt pou gide ajans fòs de lòd yo pou yo adopte youn ki reponn a bezwen espesifik yo. Yo te devlope règleman sa a avèk opinyon tout yon varyete moun ki gen enterè, tankou paregzanp Asosyasyon Pwokirè Distri nan Eta New York (District Attorneys Association of the State of New York), Asosyasyon Chèf Lapolis New York (New York State Association of Chiefs of Police), Lapolis Eta New York (New York State Police), Depatman Polis Vil New York (New York City Police Department), ak Asosyasyon Cherif Eta New York (New York State Sheriff's Association).

Manm Komisè Egzekitif Adjwen DCJS, Michael C. Green, te deklare, “Antanke yon ansyen pwosekitè, mwen te wè kijan sa enpòtan anpil pou yo anrejistre entewogasyon yo sou videyo kòm sa dwa, pou asire yon kondanasyon oswa anpeche pouswit san rezon oswa kondanasyon enjis. Nouvo lwa sa a, ak règleman modèl yo amande an, pral amelyore entegrite sistèm jistis kriminèl nou an pi plis”.

Direktè Règleman Innocence Project, Rebecca Brown, te deklare, “Innocence Project bat bravo pou miz ann aplikasyon lwa sa a, ki mande anrejistremant elektwonik entewogasyon yo nan ka senten krim vyolan. Se yon refòm enpòtan ki ofri pwoteksyon gaya pou inosan yo, paske li kreye yon dosye klè ki montre kisa ki te pase nan sal entewogasyon an. Innocence Project soutni tou etid efikas efò aplikasyon pou evalye degre inifòmite an pratik; posibilite pou agrandi kategori krim ki mande anrejistremant avèk letan; e fyabilite divès metòd entewogasyon. Konsa, gwo jefò pou refòm ki fèk kòmanse yo va kontinye amelyore alavni”.

Scott D. McNamara, Avoka Leta nan Konte Oneida e Prezidan Asosyasyon Pwokirè Distri nan Eta New York, te deklare, “Nou apresye tout travay Gouvènè an ak Lejislati a fè, ki te pèmèt met lwa sa a sou pye; nou apresye tou jefò finansman apwopriye ki pou pèmèt depans nan kad anrejistremant entewogasyon, depo ak ekipman. Anrejistremant entewogasyon yo asire yo jwenn deklarasyon yo kòrèkteman e ede ankouraje konfyans piblik la anvè pwosesis respè de lòd nou yo. Nou apresye efò Konsèy Fòmasyon Minisipal la (Municipal Training Council) pou mete ajou règleman ak pwotokòl konsènan entewogasyon sou videyo. Sa pral ede lapolis ak komisè yo konprann chanjman ki resan nan kad lwa pwosedi kriminèl la, pou sa ki gen pou wè ak anrejistre entewogasyon”.

Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York te ede asire tou ke tout 62 konte yo gen omwen yon ajans ki kapab anrejistre entewogasyon yo sou videyo. Depi 2011, New York te bay plis pase 4.15 milyon dola pou anviwon 365 biwo ajans lapolis ak pwosekitè yo ki atravè eta a pou acha ak enstalasyon ekipman anrejistremant videyo yo.

Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta New York la se yon ajans sipò jistis kriminèl a plizyè fonksyon ki gen yon bann responsabilite, ki gen ladan yo fòmasyon pou moun kap fè

respekte lalwa yo; koleksyon ak analiz done krim atravè tout eta; antretyen dosye enfòmasyon istwa kriminèl ak anprent; sipèvizyon administratif baz done ADN eta a, an patenrya avèk lapolis Eta New York la; finansman ak sipèvizyon pou pwogram libète kondisyonèl ak koreksyon kominote yo; jesyon finansman jistis penal federal ak eta yo; sipò pou ajans ki gen rapò ak jistis kriminèl toupatou atravè eta; ak jesyon Rejis Delenkan Seksyèl eta a (State's Sex Offender Registry).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)